



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 28
KONTE PALM BEACH COVID-19
FAZ 3 RE-OUVÈTI**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la, ki te pwolonje depi lè a; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitiyasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te gen yon gwo ogmantasyon nan kantite ka pozitif pou COVID-19 nan fen mwa me, jen ak jiyè, ki gen ladan anpil estrateji pou kontwòle viris la, ki gen ladan men pa limite ak, restriksyon sou operasyon biznis ak evènman yo, pwoteksyon figi ak distans sosyal, egzijans netwayaj ak ijyèn, tès ak edikasyon piblik te anplwaye; epi

KONSIDERAN, tout biznis nan Konte Palm Beach ki nan Faz 1 te jwenn pèmisyon pou ouvri sou kondisyon plizyè dekrè egzekitif ak dijans ki egzije ranfòse pwotokòl netwayaj ak ijyèn, pwoteksyon figi, distans sosyal ak lè fonksyònman restren pou biznis k ap sèvi manje ak alkòl pou konsomasyon sou plas ak kèk lòt biniz; epi

KONSIDERAN, entèkansyon ki mansyone anwo yo, epi konsideran done ak endikatè ki pi resan ki gen rapò ak COVID-19 nan dat 1ye septanm 2020, Konsèy Manm Komisyon Konte a detèmine li te apwopriye pou soumèt yon demann bay Gouvènè Ron DeSantis pou fè Konte Palm Beach pase nan Faz 2 an akò *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* ke Administratè a rekòmande; epi

KONSIDERAN, nan dat 4 septanm 2020, Gouvènè Ron DeSantis te otorize Konte Palm Beach pou pase nan Faz 2 *Plan Entèlijan Etap pa Etap, pou Retablisman Florid*; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a te detèmine ke li te nesèsè ak apwopriye pou pibliye yon òdonans dijans ki otorize re-ouvèti lòt biznis an akò ak direksyon Gouvènè DeSantis ak Etap 1 *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* a ak Òdonans Dijans 2020-024 la te pibliye pou rezon sa nan dat 4 septanm 2020; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 septanm 2020, nan konsiderasyon done ak analiz ki gen rapò ak COVID-19 ak sikonstans biznis lokal yo, Konsèy Manm Komisyon an te bay Administratè Konte a enstriksyon pou modifiye plis *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* a ak retire restriksyon sou lè operasyon kèk biznis ki preskri nan Òdonans Dijans 2020-018, jan Òdonans Dijans 2020-023 amande li; epi

KONSIDERAN, nan dat 25 septanm 2020, atravè Òdonans Dijans 2020-027, Administratè Konte a te anile restriksyon sou lè operasyon biznis akòz COVID-19 nan Konte a;

KONSIDERAN, nan dat 25 septanm 2020, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye Dekrè Egzekitif 20-244 ki pase tout konte Florid yo nan Faz 3 sou kondisyon pa gen òdonans dijans COVID-19 ki ka anpeche yon moun ale travay oswa jere yon biznis, sou kondisyon ke restoran, ki gen ladan nenpòt etablisman ki gen lisans pou sèvi manje pa limite akòz yon òdonans COVID-19 pou mwens pase senkant (50%) kapasite enteryè li ak enpoze kèk kondisyon si yon etablisman konsa limite ak mwens pase san pousan (100%) kapasite enteryè li; epi sispann rekouvremann amann ak sanksyon ki asosye ak COVID-19 ki enpoze ak moun; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a, sou baz sa ki di anvan yo, te detèmine li nesèsè ak apwopriye pou anile ak ranplase kèk nan òdonans dijans Konte Palm Beach anvan yo ki enpoze restriksyon ki gen rapò ak COVID-19 sou moun, biznis ak etablisman yo, pandan li fè ke gen kèk restriksyon ki toujou enpoze pou redui pwopagasyon COVID-19 la.

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

- 1. Enkòporasyon kòm Referans.** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
- 2. Aplikabilite.** Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach. Òdonans sa a pa gen entansyon, ni li pa dwe entèprete pou, otorize re-ouvèti okenn biznis oswa etablisman ki aktyèlman entèdi fonksyone dapre Lwa Florid la. Òdonans sa a pa entansyon, ni pa dwe entèprete pou, otorize okenn biznis oswa etablisman k ap fonksyone nan vyolasyon lwa aplikab pou kontinye operasyon ilegal sa yo, ki gen ladan, men pa limite ak, okenn operasyon ki nan vyolasyon ak nenpòt lwa zonaj oswa òdonans dijans konte oswa minisipal.
- 3. Anilasyon ak Ranplasman Òdonans Anvan yo.** Sof pou Òdonans Dijans Nimewo 2020-012 (pwoteksyon figi) ak 2020-017 (aplikasyon lalwa) Konte Palm Beach yo, jan yo ka pwolonje ak amande, tout òdonans dijans Konte Palm Beach anvan yo ki enpoze restriksyon an rapò ak COVID-19 sou moun, biznis ak/oswa etablisman anile epi ranplase avèk Òdonans enstantane a. Òdonans dijans anvan sa yo ki anile yo gen ladan, men pa limite ak, sa annapre yo, jan yo amande: Òdonans Dijans Nimewo 2020-005 (etablisman rekreatif); 2020-006 (plaj); 2020-019 (lokasyon pou vakans); 2020-024 (Faz 2, Etap 1); ak 2020-025 (sal bankè).
- 4. Pwoteksyon Figi Obligatwa.** Malgre anilasyon òdonans anvan yo ki mansyone anwo a, tout moun, biznis ak etablisman dwe respekte kondisyon yo ki nan Òdonans Dijans 2020-012 (pwoteksyon figi), ki gen ladan, men pa limite ak, òdone pou itilize pwoteksyon figi nan tout biznis ak etablisman yo; nan plas piblik kote distans sosyal pa posib; nan zòn komen anndan kominote prive ki aksesib pou plis pase yon inite lojman; lè yo itilize sèvis transpò komen Palm Tran Konte a; ak lè y ap antre nan bilding gouvènman yo. Anplis de sa, an akò ak Òdonans Dijans 2020-012, biznis ak etablisman yo dwe kontinye asire konfòmite pou òdonans pwoteksyon figi, ki gen ladan etabli yon pwosesis verifikasyon pou konfòmite lè kliyan ap antre nan biznis oswa etablisman an. Si yon biznis oswa etablisman pa asire gen konfòmite ak sa ki di a, sa ka lakòz amann, sanksyon ak/oswa nenpòt mezi pou fè aplike lalwa ke lalwa otorize kont biznis oswa etablisman sa yo. Apati dat anvigè Òdonans sa a, dapre Dekrè Egzekitif 20-244 Gouvènè DeSantis la, rekouvremant

amann ak sanksyon ki gen rapò ak COVID-19 sou moun yo sispann.

5. **Distans Sosyal Obligatwa.** Malgre anilasyon òdonans anvan yo ki mansyone anwo a, ak nan mezi pa gen konfli avèk lwa ki aplikab la, tout moun, biznis ak etablisman dwe respekte tout direktiv sou distans sosyal ki aplikab ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye. Sa anvan yo dwe aplike pou tout moun ki nan tout biznis ak etablisman yo, men kondisyon sa yo pa dwe enpoze pou limite kapasite restoran ak mwens pase san pousan (100%) nan kapasite enteryè li nan okenn moman.
6. **Kondisyon pou Netwayaj ak Dezenfeksyon.** Malgre anilasyon òdonans anvan yo ki mansyone anwo a, ak nan mezi pa gen konfli ak lwa ki aplikab yo, tout biznis ak etablisman dwe respekte pwotokòl netwayaj yo tankou sa yo ki nan direktiv ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te pibliye ki gen rapò ak direktiv sou netwayaj ak dezenfeksyon ranfòse pou re-ouvèti yo.
7. **Aplikasyon Lalwa.** Jan lalwa otorize sa, Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak nenpòt lòt pèsonèl lalwa otorize, ki gen ladan, men pa limite ak, pèsonèl ki dekri nan Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou ranfòse Òdonans sa a an akò ak dispozisyon Òdonans Dijans 2020-017 la ak nenpòt amannman ladan. Apati dat anvigè Òdonans sa a, dapre Dekrè Egzekitif 20-244 Gouvènè DeSantis la, rekouvremman amann ak sanksyon ki gen rapò ak COVID-19 sou moun yo sispann.
8. **Kloz Sovgad.** Malgre anilasyon òdonans anvan yo ki mansyone anwo a, tout òdonans administratif ak tribinal, amann ak aksyon pou fè aplike lalwa ki annatant ki gen rapò ak òdonans dijans anvan yo rete anvigè. Sepandan, dapre Dekrè Egzekitif 20-244 Gouvènè DeSantis la, rekouvremman amann ak sanksyon ki gen rapò ak COVID-19 sou moun yo sispann.
9. **Separabilite.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a. Dispozisyon Òdonans sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a.

10. **Dat li Anvigè.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 05:00 a.m. nan dat 29 septanm 2020. Òdonans sa ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la ekspire, piske lòt òdonans oswa deklarasyon ka pwolonje li, amwenske lòt òdonans te mete fen ladan anvan sa.

KONTE PALM BEACH

Pa: [Siyati]
Administratè Konte

29 septanm 2020
Dat

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]
Grefye

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]
Pwokirè Konte